


La Bib pou ti moun prézanté

Jezi bay 5000 moun manje



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Anpil chèf relijye (yo te rele yo Farizyen) † ape bay
manti sou Jezi. Genyen kèk ki te menm ap eseye
touye li.



Yo pa te kwè se te Pitit Bondye li te ye toutbonvre. Yo pa te kapab aksepte l menm si li te fè kèk mirak ki pou te pwouve li se te Pitit Bondye.




3

Yon jou, Jezi te travèse Lanmè Galile a. Petèt li te vle pran yon ti repo lwen foul moun yo ki te antoure li a. Men, foul la te jwenn li. Yo te konnen Jezi te konn fè gwo mirak. Yo te vle rete avèk li.




4

Jezi te mennen disip li yo sou yon ti mòn dezè kote li te chita epi li t ap anseye yo. Plis moun t ap vini tikras pa tikras. Li t aprale fè lè pou yo dine. Tout moun te grangou.




5

Jezi te gade foul la. "Ki kote n apral achte pen pou moun sa yo ka manje ?" li te mande Filip. Pa te genyen okenn boutik ozalantou a la a. Ki plan Jezi te genyen ?




6

"Li t ap koute anpil lajan pou bay foul sa a manje," Filip te reponn. Jezi ak disip li yo pa te gen anpil lajan.




7

Yon lòt disip, Andre, frè Simon Pyè, di Jezi : "Genyen yon ti gason la a ki gen senk pen dòj ak de pwason, ..."



8

"...men, kisa sa a ye pou tout moun sa yo ?" Andre pa te wè kijan repa ti gason an ta ka bay tout moun sa yo manje — menm si ti gason an te dakò pou li bay Jezi repa li a.




9

Jezi di : "Fè yo chita." Epi gason yo te chita, yo te anviwon senk mil. Wi ! SENK MIL ! Epi, fòk nou ajoute fanm yo ak timoun yo ki te la tou.



10

Aprè sa, Jezi te pran pen yo ak pwason yo. Ti gason an dwe te fè Jezi konfyans. Li pa te konprann ki sa Jezi t apral fè ak repa li a. Li te ka ap di tèt li, "Si mwen bay repa m nan, mwen p ap kapab manje." Men, li te bay Jezi l.



11

Lè sa a, Jezi te priye. Li te di Bondye mèsi. Pou senk pen ak de pwason ? Wi ! Jezi te di Bondye "Mèsi" epi li te mande l pou l beni manje a.




12

Aprè Jezi te fin priye, li te kase pen yo ak pwason yo epi li te bay disip li yo pou yo pataje ak foul la. Tout moun te kapab wè mirak Jezi te fè a. Chak moun te manje selon sa yo te bezwen an. Epi te genyen pen ak pwason ki te rete toujou.



13

Aprè tout moun te fin manje, yo te genyen kèk pen ak pwason ki te rete. Jezi te di disip yo : "Ranmase rès ki rete yo, pou anyen pa pèdi." Yo te plen douz panyen ak rès senk pen dòj moun ki t ap manje yo te kite.



14

Jou sa a, Jezi te bay plis pase 5,000 moun manje ak yon ti goute yon ti gason te genyen. Yon lòt fwa, li te bay 4,000 moun manje avèk sèt pen ak kèk pwason. Lè pèp la te wè siy sa yo, li pa te reyaji tankou Farizyen yo. Non, yo te di : "li Se Pwofèt la toutbonvre ki te dwe vini nan mond lan." Yo te konnen Jezi se te Sovè a Pawòl sakre Bondye a te pwomèt ki genyen pou li vini an.



15

Jezi bay 5000 moun manje


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan


Jan 6

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

16



51



60

17

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

18